# Respublikamız aymaǵına ıǵal hám suwıq hawa massaları kirip keledi

Image not found or type unknown

21-22-oktyabrde Ózbekstan aymaǵına Kaspiy teńizi arqalı Kavkaz aymaqları ústinde qáliplesken ıǵal hám suwıq hawa massaları kirip keledi. Bul haqqında «Ózgidromet» xabar berdi.

21-22-oktyabrde respublika boylap ayırım jerlerde jawın jawadı. Taw aldı hám tawlı aymaqlardaǵı ayırım jerlerde kúshli jawın-shashın (jawın, qar) boladı, kóriniw dárejesi tómenleydi.

Hawanıń temperaturası 10-13 gradusqa shekem, 21-oktyabr kúni kúndizgi waqıtta 8-13 gradus jıllı, 22-oktyabrde túnde 2 gradus suwıq, 3 gradus jıllıǵa shekem tómenlewi kútilmekte.

21-22-oktyabrde Ózbekstan boylap ayırım jerlerde samaldıń tezligi 15-20 m/s qa shekem kúsheyiwi kútilmekte.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.